



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 1/27/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PLAN DAKSYON IMEDYAT ETA POU FÈ FAS AVÈK KONTAMINASYON NAN HOOSICK FALLS**

*Yo te pibliye règleman ijans pou klasifye PFOA tankou yon sibstans danjre; etablisman Saint-Gobain ap klasifye kòm yon sit Sipè-fon Eta pou debloke resous eta ak rekou jiridik pou fè fas a kontaminasyon an*

*Eta ap fè Analiz Risk Sante pou etabli nivo direktiv dlo potab PFOA; refè tès pwi prive yo nan vilaj Hoosick Falls; epi touswit enstale sistèm filtrasyon nan lekòl ansanm avèk nan lòt lokal rasanbleman kominote a*

*Liy dirèk Eta ([1-800-801-8092](tel:1-800-801-8092)) te etabli pou ede piblik la rete enfòmè*

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse yon seri aksyon imedyat Eta pou adrese kontaminasyon nan Vilaj rezèv dlo nan Vilaj Hoosick Falls nan Sit Pèfòmans Plastik Saint-Gobain. Anons sa yo vini jodia apre reyinyon Gouvènè a ak wo fonksyonè lokal eta.

“Nap pran aksyon agresif ak imedyat pou pwoteje sante rezidan Hoosick Falls yo,” **te deklare Gouvènè Cuomo**. “Aksyon sa yo ap asire ke yo te idantifye sous ak limit kontaminasyon PFOA, ansanm avèk tout etap yo ki nesèsè pou rapidman adrese prezans chimik la. Administrasyon mwen an ap envestige sityasyon an antyèman, e nou pral fè tout sa ki nesèsè pou asire bon jan kalite dlo potab pou rezidan lokal yo.”

Aksyon sa yo gen ladann:

• **Pibliye Règleman Ijans pou Klasifye PFOA kòm yon Sibstans Danjere:**

Depatman Konsèvasyon Anviwonman Eta jodia te pibliye yon règleman ijans pou klasifye asid Pèfilyoroktanoyik (PFOA), kontaminan ke yo te jwenn nan rezèv dlo vilaj la, kòm yon sibstans danjere. Sa a bay DEC otorite legal pou pouswiv deziyasyon sipè-fon Eta ak netwayaj sit la nan itilize resous sipè-fon Eta.

• **Klasifye Etablisman Saint-Gobain kòm yon Sit Sipè-fon pou debloke Resous Eta pou fè fas a kontaminasyon an:**

Anplis, eta te anonse li pral klasifye Izin Saint-Gobain Performance Plastics Corporation McCaffrey Street ansanm avèk lòt posib sous kontaminasyon ki kapab idantifye nan Hoosick Falls kòm sit sipè-fon Eta pou deklòke resous finansman anba Pwogram Sipè-fon Eta pou fè fas a kontaminasyon an nan kominote a. DEC te deja mete sou pye envestigasyon li e li te enspekte pwopriyete Saint-Gobain an. Si pandan ankèt li ki ankou DEC ta jwenn nenpòt sous adisyonèl kontaminasyon PFOA, yap afiche

yo tou. Deziyasyon Sipè-fon Klas 2 ap pèmèt eta itilize resous Sipè-fon pou envestige epi netwaye kontaminasyon PFOA pi rapidman pase pou yo rete tann pou yon deziyasyon Sipè-fon federal. Anplis, eta ap anmezi pou l mande rekouvremant depans pou envestigasyon an ansanm avèk aktivite netwayaj. DEC ap kolabore etwatman avèk EPA nan ankèt PFOA nan dlo anbatè, sòl ansanm avèk lòt medya nan Hoosick Falls pou detèmine aktivite netwayaj apwopriye.

- **Fè Analiz Risk Sante pou Etabli Nivo direktiv Dlo Potab PFOA:** Pou fè fas a kontaminasyon rezèv dlo a, Depatman Sante Eta ap fè yon analiz risk, pou egzamine dènye rechèch nasyonal, pou etabli yon nivo direktiv dlo potab pou PFOA.
- **Re-teste pwi prive yo nan Vilaj Hoosick Falls:** Anplis, Depatman Sante eta ap reteste 24 pwi prive nan vwazinaj etablisman Saint-Gobain.
- **Enstale touswit Sistèm Filtrasyon nan Lekòl ansanm avèk lòt plas rasanbleman nan kominote a:** Nan anpil prekosyon, eta angaje pou enstale sistèm filtrasyon dlo nan lekòl lokal, etablisman sante piblik yo ansanm avèk nan lòt plas rasanbleman yo nan kominote a.
- **Fè Tès San pou Manm yo nan Kominote a apati mitan mwa Fevriye:** Apati mitan mwa fevriye, DOH ap kòmanse fè tès san pou manm yo nan kominote a ki ta vle fè tès la.
- **Etabli Liy Dirèk Eta pou Piblik la ka rete enfòmè:** Rezidan yo ka kontakte [1-800-801-8092](tel:1-800-801-8092) pou yo jwenn plis enfòmasyon.

Anplis, depi yo fin fè fas a kontaminasyon PFOA, eta angaje pou travay avèk kominote a ansanm avèk bank yo pou sovgade valè pwopriyete yo.

### **Komisè pa Entèrim Depatman Konsèvasyon Anviwonman Basil Seggos te**

**deklare:** “Sou direksyon Gouvènè Cuomo, Eta New York ap travay kolaborativman avèk tout nivo yo nan gouvènman apati EPA pou rive nan vilaj ak bouk yo, pou fè fas a kontaminasyon an nan Hoosick Falls. Klasifye PFOA kòm yon sibstans danjere epi fè sit Saint-Gobain vini yon sit Sipè-fon Eta ap libere resous pou envestige ansanm avèk netwaye kontaminasyon an rapidman. Nou pral kontinye dyalòg ouvè nou an avèk otorite lokal yo ansanm avèk moun Hoosick Falls yo pou asire ke yo enfòmè pandan tout envestigasyon ak remedyasyon an.”

**Komisè Depatman Sante Dr. Howard Zucker te deklare:** “Aksyon ke Gouvènè a te pran jodia, Depatman Konsèvasyon Anviwonman ak Depatman Sante ap pwoteje rezidan Hoosick Falls yo epi ede adrese preyokipasyon yo. Depatman Sante ap kontinye fè tès sou pwi prive yo, e byento li pral mete sou pye yon pwogram tès san pou mezire nivo ekspozisyon rezidan yo a PFOA. Anplis, DOH ap kontinye egzamine dènye ak pi bon rechèch syantifik pou etabli yon nivo direktiv dlo potab pou PFOA.”

**Senatè Kathy Marchione te deklare:** “Mwen vle pèsònèlman remèsye Gouvènè Cuomo pou reyinyon konvokasyon sa ki otman pwodiktif ak pozitif osijè Hoosick Falls. Anons ke eta rekonèt gravite pwoblèm sa e lap pran aksyon reflechi ki pral ede fanmi yo nan Hoosick Falls se bon nouvèl. Diskisyon nou an jodia santre sou solisyon reyèl enkli

règleman PFOA eta, teste tout pwi lokal yo, tès san ak sistèm filtrasyon kabòn pou ede pwoteje sante ak byennèt fanmi yo nan Hoosick Falls. Etap pozitif ke yo te pran jodia se bon nouvèl pou kominote a. Mwen tap kontwole avèk anpil atansyon sityasyon sa e mwen pral kontinye pran defans pou fanmi yo nan Hoosick Falls kòm pwosesis sa ap prale delavan.”

**Sipèvizè Vil Hoosick Mark Surdam te deklare:** “Mwen rekonesan akòz rekonesans Gouvènè a sou pwoblèm kominote nou an ap andire avèk apwovizyonman dlo l, ansanm avèk pou aksyon eta ap pran jodia. Mwen vle asire tout rezidan yo nan Vil Hoosick ke nap fè anpil efò pou nou fè fas avèk enkyetid sa yo.”

**Majistra Vilaj Hoosick Falls David Borge te deklare:** “Mwen rekonesan pou aksyon rapid Gouvènè Cuomo paske li ede kominote nou an restore rapidman itilizasyon rezèv dlo nou an – e mwen kontan pou nivo kowòdinasyon ajans yo nan eta te reponn nan pwoblèm sa a. Sa a se yon gwo etap pwogrè pou tout rezidan yo nan gwo kominote Hoosick Falls.”

**Sipè-entandan Lekòl Santral Hoosick Falls Kenneth Facin te deklare:** “Reyinyon jodia avèk Gouvènè Cuomo te pwodiktif ak enpòtan, ak rezilta pwomès reyèl pou elèv ak paran nou yo. Nou apresye dèske nou fè pati nan yon efò konsète inik pou rektifye pwoblèm anviwonmantal ki antoure rezèv dlo nou an. Kòm yon mezi pwoaktif pou asire sante ak sekirite tout elèv nou yo, eta ap ede distri lekòl nou yo avèk enstalasyon yon sistèm filtrasyon kabòn. Nou rekonesan pou lidèchip Gouvènè a nan galvanize resous yo pou ede kominote nou an.”

### **Aksyon byen bonè Eta pou fè fas a Kontaminasyon PFOA**

Aksyon jodia chita sou inisyativ DEC ak DOH te nan kòmansman mwa sa pou adrese kontaminasyon PFOA pou pwoteje sante piblik ak anviwonman an. Eta ankouraje EPA pou pran aksyon solid nan nivo federal pou règleman PFOA ak pou rapidman ajoute sit Hoosick Falls nan Lis priyorite Nasyonal Sipè-fon. Eta a, Saint-Gobain ansanm avèk Vilaj la ap travay kolaborativman pou enstale sistèm tretman dlo pou retire materyèl chimik danjere nan rezèv dlo Vilaj la. Anplis, DOH ap antreprann yon etid rejis kansè pou envestige frekans kansè pami rezidan yo nan Vilaj la ak etid bio-siveyans. Anplis DOH ap ofri bio-siveyans PFOA pou mezire nivo PFOA lakay rezidan yo nan Vilaj la.

Yo te dektekte PFOA nan dlo potab piblik Vilaj la nan 2014. Depi lè sa, DOH te travay etwatman avèk Vilaj la pou bay konsèy teknik ak asistans pou echantyon dlo ak pou evalye opsyon tretman dlo pou elimine risk sante. Akòz nivo PFOA nan dlo piblik te pi elve pase nivo konsèy sante EPA, DOH te detèmine ke moun yo ta dwe redwi ekspozisyon yo nan evite itilizasyon dlo robinè pou bwè ak pou fè manje. Anplis, DOH kontinye kontwole pwi prive yo e lap gen plis rezilta trè byento.

Byenke itilizasyon PFOA te elimine pwogresivman, li toujou itilize pou fè pwodui kay ak komèsyal ki reziste a chalè, ak repouse lwil, tach, grès, ak dlo. Sa a gen ladan kastwòl istansil, revètman sifas pou tapi ak twal ki rezistan a tach, ak papyè ansanm avèk bwat

katon anbalaj manje. Etid moun ki asosye avèk ekspozisyon PFOA avèk yon ogmantasyon risk pou plizyè efè sante. Sa gen ladann asosyasyon avèk konsekans sou fwa, sistèm iminitè, gland tiwoyid, nivo kolestewòl, tansyon pandan gwosès, ak kansè ren ak testikil.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418